

Ede pitit ou a aprann sou Lajan



Paran yo jwe yon **gwo** wòl nan fason timoun yo jere lajan pandan tout lavi yo. Pandan pitit ou a ap grandi, li ka yon bon moman pou anseye pitit ou sou lajan oswa pale sou fason yo ka jere li. Menm si ou pa gen entansyon sa, paran yo toujou ap anseye pitit yo bagay enpòtan sou lajan. Kidonk, se yon bon lide pou w fè yon objektif pou w ede pitit ou a aprann sou lajan pandan l ap grandi.

Sonje ou pa bezwen yon ekspè finansye. Ou ka li resous sa a pou chèche konnen fason ou ka ede pitit ou a aprann sou zafè lajan.

Ki jan timoun yo aprann sou lajan?

Timoun ak jèn adilt aprann sou lajan nan:

- Gade ki jan paran yo jere lajan yo oswa pran desizyon sou lajan.
- Tande ki jan paran yo oswa lòt moun pale sou lajan.
- Pale ak paran yo ak fanmi yo sou lajan.
- Aprann sou lajan nan lekòl la, oswa nan lòt sous.

Kouman pou mwen ede pitit mwen aprann sou lajan?

Ou deside kijan ak kisa ou anseye pitit ou sou lajan. Men, ou ka kòmanse pale sou sijè tankou bidjè, ekonomize, ak depanse avèk sajès. Ou ka ankouraje pitit ou a reflechi sou objektif finansye yo ak sou fason yo ka atenn objektif sa yo. Ou ka pataje tou sa w ap atann pou pitit ou a pandan y ap kòmanse touche pwòp lajan yo. Ou ka vle tou prepare pitit ou a pou pran desizyon finansye pandan y ap prepare pou lavni an. Pafwa, pataje sou eksperyans ou ka itil, tou!

Ou ta ka pa konnen tout repons yo lè li rive zafè lajan. **Sa se oke!** Yon bon fason pou kòmanse se lè w bay pitit ou a yon espas pou l pale sou lajan epi poze kesyon. Li enpòtan tou pou ede pitit ou a jwenn aksè nan men ekspè finansye oswa sous enfòmasyon serye. Ou ta ka chèche resous sou Entènèt oswa nan kominate w la. Ou kapab tou kontinye fè lekti pou jwenn kèk ide.

Men kèk egzanp:

1. Ede ptit ou a pratike jesyon lajan. Pa egzanp, ou ka louvri yon kont epay pou ptit ou a epi ede yo aprann sèvi ak li pou ekonomize lajan yo jwenn.
2. Ede ptit ou a aprann sou lajan. Ou ka fè yo li liv, oswa resous sou entènèt. Ou ka jwenn tou aktivite lajan pou fè ansanm.
3. Montre ptit ou ki jan ou jere lajan ou. Pa egzanp, ou ka montre yo ki jan ou ekonomize lajan oswa ki jan ou deside ki sa yo achte lè w ap fè makèt.
4. Pataje sou eksperyans ou ak lajan. Pataje toutotan ou swete fè sa. Ou ka pale sou bon eksperyans ak sa ki difisil.
5. Si ou dakò ak li, ou ka enkli ptit ou a lè w ap pran desizyon finansye. Ou pa oblige pataje tout detay yo. Men, ou ka di yo poukisa oswa ki jan ou pran desizyon an. Ou ka diskite sou konsèp lajan, tankou ki jan li pafwa pi entelijan pou achte bagay ki nesesè yo anvan ou depanse lajan sou bagay ou vle men ou pa reyèlman bezwen.

Kouman pou mwen kòmanse pale ak ptit mwen sou lajan?

Timoun yo aprann nan konvèsasyon yo genyen sou lajan. Ou ka kòmanse konvèsasyon oswa pwofite lè ptit ou a mande w sou lajan. Pafwa ptit ou a ka mande w achte yon bagay oswa mande w sou yon sijè finansye. Pwofite opòtinite sa yo pou pale de lajan. Eseye evite jis bay ptit ou a konferans epi pito asire w ke ou kenbe yo angaje nan konvèsasyon an. Asire w ke w gen yon konvèsasyon ouvè kote ptit ou a ka pataje panse, kesyon, ak santiman yo.

Men kèk egzanp:

1. Lè ptit ou a mande w achte yon bagay ou ka di: "Pafwa lè ou mande lajan mwen mande si ou konnen valè li. Selon ou menm, kisa nou bezwen pou achte atik sa a?"
2. Si ou te fè yon plan pou depans ou, ki sa li t ap genyen ladan l?
3. Èske w ka sonje yon lè kote ou te depanse lajan epi ou pa t kontan pou sa pita? Poukisa ou pa te kontan? Kisa ou t ap fè yon lòt jan?
4. Ki bagay ou ta renmen ekonomize lajan pou li? Kisa ou ka fè pou asire ou ekonomize ase?
5. Ki objektif finansye ki pi enpòtan pou ou? Kisa ou ka fè pou reyalize objektif sa a?
6. Mwen ta renmen pataje kèk istwa pèsonèl sou pwòp siksè finansye mwen ak erè. Li ta ka itil pou w aprann nan eksperyans mwen pandan w ap pran pwòp desizyon finansye pa w.

Resous gratis sou entènèt

- **[Money Talks](#)** - yon seri kout sou entènèt konsènan pale ak timoun ou ki nan lekòl presegondè oubyen segondè sou lajan. Li gen ladan I senk sijè lajan.
Vizite go.osu.edu/moneytalksresource
- **[Money as You Grow](#)** - aktivite ak enfòmasyon ou ka itilize pou ede pitit ou a devlope konpetans nan lajan li nan chak etap nan lavi li.
Vizite consumerfinance.gov
- **[Your Money, Your Goals Toolkit](#)** - zouti pou aprann plis sou lajan epi reflechi sou finans ou. Nan lang anglè, espayòl, ak Chinwa tradisyonèl.
Vizite consumerfinance.gov

Resous sa a te devlope pa Ohio Statewide Family Engagement Center. Pou plis resous ki sipòte angajman fanmi nan edikasyon, vizite ohiofamiliesengage.osu.edu.